Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 30 (6491) 13 июнь 2016 с. Итни Рамазан 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Россиялъул къо

**ХІурматиял районцоял!**

**РакІ-ракІалъ баркула нужеда Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрам – Россиялъул къо. Жакъасеб Россиялда гьеб ккола эркенлъи, законалъул ва ритІухълъиялъул къучІалда тІолалго халкъазул разилъи, миллияб цолъи, ВатІаналъул жакъасеб къоялъе ва букІинеселъе гІоло гІаммаб жавабчилъи бихьизабулеб шартІияб гІаламатлъун. Нилъ чІухІула нилъер гІемергІасрабазулаб тарихалдаса, культураялъул ва гІелмуялъул чІахІиял бергьенлъабаздаса, нилъер кІудияб улкаялъул халкъазул цолъиялдаса.**

Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб суверенитеталъул хІакъалъулъ декларация къабул гьабуралдаса нахъе байбихьана нилъер улкаялъул гІумруялъул цІияб бутІа. РакІчІарал галаби тІамула демократияб пачалихъ гІуцІиялде, экономикияб гуч щулалъизабиялде, гІадамазе хІалтІизе, гІумру гьабизе мустахІикъал шартІал гІуцІиялде. Гьеб байрамалъ бихьизабула нилъер улкаялъул цолъи, гьайбатаб букІинеселде божилъи.

Жакъа Дагъистанги, гьелда цадахъ Гумбет районги, гІемермиллатазулаб Россиялда цадахъ, унеб буго демократиял хиса-басиязул нухдасан, тІуразарулел руго церелъурал экономикиял ва социалиял масъалаби. РакІчІараб буго хадубккунги бакълъулаз Россия тІегьараблъун къуватаблъун лъугьинабиялъулъ, цебетІезабиялъулъ мустахІикъаб бутІа лъезе букІиналда.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, рекъел, икъбал, Россиялъул бечелъи, ВатІаналъул гуч цІикІкІинабиялъе гьабулеб хІалтІулъ чІахІиял бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуралев**
**ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

## Миграциялъул хъулухъалъул хІалтІухъабазда

14 июналда кІодо гьабула миграционнияб хъулухъалъул хІалтІухъабазул къо. ГІадамазе хІажатаб хъулухъ ккола гьеб. Гумбеталда ругел миграционнияб хъулухъалъул хІалтІухъабазги жавабчилъиялда тІуразарулел руго жидерго тІадал ишал. РакІ-ракІалъ баркула гьезда профессионалияб байрам. Гьарула сахлъи, рохел, икъбал, талихІ, халатаб гІумру, хІалтІулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуралев**
**ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

ИНСАН ВА ИХТИЯРАЛ

## Гражданинлъун вукІин – борч

### 14 июнь – миграциялъул хъулухъалъул хІалтІухъабазул къо

**Гражданинасул аслияб документ ккола паспорт. Гьеб чан сон бадал босизе кколеб, чан сон бадал хисулеб ва цогидалги суалалгун «Гумбет» басмаялъул хІалтІухъан дандчІвана ДРялъул Гумбет районалда бугеб федералияб миграционнияб хъулухъалъул нухмалъулев Муса Исламхановгун.**

**-Муса, гІумруялъул чан сон бугеб мехалда тІадаб бугеб паспорт босизе, ва чан сон бадал гьеб хисулеб?**

**- 14 сон тІубараб къоялдаса тІадаб буго щивав Россиялъул гражданинасда паспорт босизе.**

Россиялъул гражданинасул паспорталъул чІезабун буго гьеб хисизе кколеб хасаб заман:

14 ва 20 сон гІумрудул барабго.

45 сон тІубаралдаса хадуб паспорт хисизе ккоkаро.

20 ва 45 сон гІумруялъул тІубан тІасан моцІалдаса цІикІкІун цо къо аниги гьелдаса хадур паспорт хисизе документал жанир къуни административияб тамихІалде цІала гьелъул гІакІадул къадар бахуна 2 000 ялдаса 3 000 гъурущалде щвезегІан.

Жиндир гІумруялъул (армиялде ахІун ВатІаналъул борч тІубалез хутІизегІан) 20 ва 45



сон тІубарабго паспорт хисизе ккола. ВатІаналъул борч борхула хъулухъалда ругезе паспортал кьола яги хисула жидер хъулухъ, ай борч тІубан хадуб. Гьединго паспорт хисизе ккола гьал хадур рехсарал гІиллаби ккани:

фамилия, цІар, инсул цІар, гьавураб къо яги бакІ хисиялъул хІужаби ругони.

Паспорт хІалтІизабиялдаса ун, бихъун, чороклъун, гьелда штамп, печать лъаялдаса ун бугони.

МухІканлъи гьечІолъиялъул яги мекъи паспорталда хъвай-хъвагІай гьабиялъул хІужа батани.

Лъалеб хиси жиндир гьурмал ккун батани.

СССРалъул паспорт хисизеги.

**- ЦІияб паспорт босизе ккани кинал документал хІажалъулел? Гьел кире кьезе кколел? Нужерги МФЦялъулги бухьен кинаб бугеб?**

- Паспорт босизе ккани хІажалъула:

гІарза, паспорт кьеян яги хисеян кваралъ хъвараб, яги кьабураб жиндир формаги бугеб № 1 П. Лъимер гьабиялъул хІакъалъулъ свидетельство. КІиго сурат (чІегІер-хъахІ яги кьер бугеб) жиндир роценги 35 х 45 мм. ЦІороберал кидаго лъун хьвадулесе ихтияр буго гьелгун сурат бахъизе, цІер букІине ккола хъахІаб, жинда жанисан берал мухІкан рихьулеб. Сурат бахъизе бегьула паспорт кьолеб идараялдаги.

Документал, паспорталда рес гьечІого хъвай-хъвагІай гьабизе жалги къваригІунел, ай рагъулаб билет, лъимер гьабиялъул хІакъалъулъ свидетельство (14 сонил гІумруялде рахинчІезул), ригьин гьабиялъул яги гьеб бихиялъул свидетельство. Пачалихъияб хІакъ кьеялъул кагъат. КъватІисел хІукуматазда гІумрутІами гьабулел ругони, нилъер Россиялъул гражданство гьениб босунги бугони, бачІине ккола къватІисеб хІукуматалъул паспорт Россиялъул гражданинасул.

Паспорт тІагІани, билани яги бикъани, кьезе ккола хадур рехсарал документал:

ГІарза - жинда жаниб мухІканго хъвараб киб, кида, кинал гІиллабаздалъун паспорт билараб, тІагІараб яги бикъараб;

ГІарза паспорт кьеян (хисеян) форма № 1 П.

Лъимер гьабиялъул хІакъалъулъ свидетельство.

Ункъго сурат, чІезабураб къагІидаялъул.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Мексика, Шри-Ланка ва… Гумбет**

-2 гьум



**Аргъваниса ГІайшат ХІайбулаева – психологиялъул гІелмабазул кандидат**

-3 гьум



**Пенсиялъул ригь: цІикІкІинабизе бугищ, гьечІищ?**

-3 гьум



**Аргъваниб: ХІажимурад ХІажиевасул ва МухІамад ХІажиевасул бергьенлъаби**

-4 гьум

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# Районалъул газета – бищун халкъалде гIагараб информациялъул алат

**Дунялалда кирго руго районазул ва шагьаразул газетал. ХIатта росабазул газеталцин руго. Япония ккола гьабсагIат бищунго цIалдолеб улка. Гьенир кьода жанир лъабцIул кьватIире рачIунелги руго газетал. Газетал, журналал ва цоги информациялъул алатал гьеб мацIалда гIемерлъанагIан, мацI цебетIола, тIибитIула, бечелъула, машгьурлъула, цIунун хутIула. МагIарул мацIалда рахъулел газет-журналал цIикIкIин ва нилъер мацIалда ругел информациялъул алатал гIемерлъи мурад букIине ккола МагIаруллъиги, магIарул халкъги, мацIги, нилъер тарихги, хасиятги бокьулев унго-унгояв магIарурасул. Гьелдаса батIияб пикру бугев чи миллаталъул ургъел гьечIев чи, халкъалъул хиянатчи ва чIоволгояв гьорол чи ккола.**

Дагъистан Республикаялъул магIарулазул регионалияб миллиябгун маданияб автономиялъ (РНКААРД) кIудияб хIалтIи гьабулеб буго нилъер халкъалъул тарих, мацI, маданият ва адабият кIочене тунгутIиялъе, халкъалъул хасиятги, рухIги, яхIги, гIелаз гIелазухъе кьун, даим халкъгун рукIиналъе. Исана апрелалда МагIарул автономиялъул нухмалъиялда гьоркь гIуцIана МагIарулазул информациялъул алатазул цолъи (Ассоциация аварских СМИ). Гьеб идараялъул мурад буго магIарул мацIалда кьватIире риччалел информациялъул алатазул даража борхизаби, авар мацI цIуниялде кIвар кьей, миллияб маданият ва адабият церетIезари. Гьеб гIуцIиялъ кIиго моцIида жаниб гIураб хIалтIиги гьабуна, цере лъурал масъалабиги хIисабалги гIемерал руго. Гьелъул нилъеца жеги мухIканго бицина газеталъул хадусел номераздаги, иншаАллагь.

ГьабсагIаталда магIарулазул райгазетал риччалел руго умкъо ва микьго гьумер бугел. Микьго гьумер бугони, районалъул гIумру гIатIидго ва рагIа-ракьанде щун бихьизабизе рес щола. Умкъо гьумер бугел басмабазги моцIие цо-цониги кIудияб, микьго гьумер бугеб номер биччани, гьениб росабазул ва тухумазул тарихалъул, гIадатиял гIадамазул, гIоларел рахъазул, гIузрабазул бицунеб бугони, лъикIаб букIина. Газеталъул гIатIилъиялъул рахъалъ цебесеб кьерда буго Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи». Гьеб газеталъул номеразда микьго гьумер букIуна. Щибаб моцIалъ цо-цониги кьер бугеб номерги биччала гьез. Басмаялъул бетIерай редактор ПатIимат МухIамадовалъ абулеб буго Хунзахъ районалъул бетIер СагIид Юсуповасда газеталъул кIвар бичIчIулин ва микьго гьумералъеги кьер бугел номерazeги гIураб гIарац бюджеталда лъолилан.

Хунзахъ районалъул нухмалъулел информациялъул политикаялъе риччалел сурсатазда барахщулел гьечIо, гьединльидал республикаялдаго лъикIаб рахъалъ рехсолебги буго гьеб район. Хундерил хIалбихьиялдаса цоги районазги мисал босани, гьезие жидеего лъикIаб буго.

Казбек районалъул (нахъбакIазул) «Чапар» газетаги бачIуна микьго гьумералда. Гьеб лъикIаб хIужа буго. Басмаялда рахъулел макъалабазул даражаялъул бицани, гьеб рахъалъ жеги хIалтIи гьабизе ккела. Цоги информациялъул алатаздаса росарал, гIурус мацIалда ругел чанги макъалаби руго гьеб басмаялъул гьурмазда. Масала, Иосиф Сталинил биографиялъ цIезабун буго цо тIубараб гьумер. Цо бугони, Сталинил биография лъида лъалареб, кIиабизе бугони, гьеб буго интерненталдаса босараб, гьумер цIезаби гурони, батIияб мурад гьечIеб макъала. Щибаб басмаялъул рукIине ккола жиндирго хасльи, гIицIго гьелъие хасал материалал, жиндирго нух ва хатI. МагIарулазул щибаб росдал буго бечедаб тарих, гьенир руго жидер гIадатияб гIумру бихьизабизе мустахIикъал гIадамал, гьединго руго церечIарал масъалаби, суалал, гIузраби. Гьеб кинабго жанисан бихьулеб матIу ккола районалъул басма.

Росу-ракь тун, кьватIир гIумру гьабун ругел районцоязул хIакъалъулъ бицунелги рубрикаби рукIине ккела басмабазул гьурмазда. Нижеца «Гумбет» газеталда рачунел руго «Бакълъулазул мугьажирзаби» ва «МугIрул тун, авлахъазде рахъарал магIарулал» абурал рубрикаби. Гьенир рахъана Шамил имамасул рагъдаса хадур Турциялде ва ГIагараб Бакъбаккул цогидал улкабазде гочине ккарал мугьажирзабазул ва гьезул ирсилазул къисмат цебечIезабулел макъалаби, гьединго хьутабазда магIарулазул бугеб яшав бихьизабулел репортажал, накъитал, очеркал. Амма гьел рубрикабазда жаниб жеги гIемер ва цвалде щун хIалтIи гьабизе буго редакциялъ.

Журналистазул хIалтIи лъикIлъизаби мурадалда гьадинал пикраби цереги рахъун рукIана «Гумбет» басмаялда. МагIарул районазул газетазул редакторзабазде ва хIалтIулезабазде хитIаб гьабулеб буго гьаб темаялда хурхун нужерго пикраби загьир гьареян; цоцазул хIалбихьи гIамм гьабун, халкъалъул мурадал тIураялде буссараб нилъер хIалтIи цебе бачине тавпикъ кьеги къаламцоязе.

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Мексика, Шри-Ланка ва... Гумбет

### Бакълъулал гIахьаллъана Халкъазда гьоркьосеб фольклоралъул фестивалалда

**ДагъистаналдатIобитIана фольклоралъул ва гIадатияб маданияталъул халкъазда гьоркьосеб анкьабилеб фестиваль. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Мексикаялдаса, Шри-Ланкаялдаса, Словениялдаса, Дагъистаналъул районаздаса вакилзабаз.**

Фестивалалда гIахьаллъана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул халкъиял тIагIелазда макъвал рачунев МухIамад Шихамиров, халкъиял кучIдул ахIулей **Майсарат ГIабдулаева** ва Дагъистан Республикаялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан



**ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасул** нухмалъиялда искусствоялъул школалъул кьурдухъабазул къокъа.

Гумбеталъулазе фестивалалда щвана дипломал ва грамотаби.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# ТIокIлъи бихьизабурал лъималазе – хIалхьи ва сапарал

### Дербенталде зиярат

**Гумбет районалъул гIолилазул гIемерфункциялъулаб централъул нухмалъулев МухIамад Зубайровасул хIаракаталдалъун эргъвендерил школлъимал сапаралъ ун рукIана Дагъистаналъул некIсияб шагьар Дербенталде.**



Гьенире рачана лъикIал ва бищунго лъикIал къиматазда цIалулел, спорталда лъикIал хIасилал рихьизарурал, исламиял конкурсазда бергьенлъи босарал лъимал. Гьел зияраталъ щвана асхIабзаби рукъараб Кирхляралъул хабалалъе, бихьана Дербенталъул цебегосеб мажгит, Нарин-къала, лъай-хъвай гьабуна тарихиял бакIазулгун.

МухIамад Зубайровас бицана Дербенталде 60 – гIан лъимер бачине рес кьунин, жидер цIарал бальго теян абурал сахаватал гIадамаз сурсатал гьеб мурадалъе риччаялдалъун. Районалда цебетIей букIиналъе, ВатIаналъул унго-унгояв патриоталлъун гIолеб гIел лъугьиналъе гIоло кьураб гьезул гIарац Аллагьас азар даражаялде бахинабегиян тIадеги жубана гьес.

**«Гумбет» РИО**

АВЛАХЪАЛ ХАРИЛ ЦIУРАБ, ХЪУТАБИ ГIИЯЛ ЦIУРАБ

# 1030 тонна харил

**Бакълъулазул Бабаюрталъул зонаялда ругел хъутабазда униеб буго хасалоялде гIаммал магIишатазул гIи-боцIуе рагIи-хер хIадури. Микьабилеб июналде сенажги малъун хIадурун буго 1030 тонна харил,- ян бицана районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.**

Гьелдасан «Цилитлинский» СПКялъ 300, «Тляратинский» СПКялъ 250, «Данухский» СПКялъ 30 тонна харил ва лъун буго «Щабдухский» СПКялъ 300 тонна, «Мехельтинский» СПКялъ 150 тонна сенажалъул.

Кинабниги районалъул СПКяз хIисабалде босун буго гIи-боцIуе 6915 тонна харил хIадуризе.

**ГIайшат Исламбиева**

ТIИБ

# Бекилалде къайила бетIер...

### Райбольницаялда тIобитIана гIелмиябгун практикияб конференция

**Гумбет районалъул централияб больницаялда тIобитIана тохтурзаби ва гьоркьохъеб медперсонал гIахьаллъараб гIелмиябгун практикияб конференция. Гьениб «Къавуда (чума) – цIакъго хIинкъи бугеб бахунеб унти» абураб темаялда доклад гьабуна тохтир-инфекционист Рузмай Дарбишовалъ.**

«Къавуда ккола инсанасул гьурул, жанисел лугби, цIуцIдул жагьаллъизарулеб, сири балеб, цIа-кан бахунеб, хехго тIибитIулеб, цIакъго хIинкъи бугеб унти. Къавуда бахуна чIетIалъ хIанчIани, унтарал хIайваназда аскIоре къани, гьуърул къавудаялъ унтарал гIадамаздасан. Унти бахиналъул хIинкъи цIикIкIараб букIуна къавудаялъ унтарал рукъалъул ва гIалхул хIайваназул, гIункIазул, гIанхварабазулги», - ян абуна Рузмай Дарбишовалъ. Хадубги гьелъ тIадчIей гьабуна къавуда унтул хасиятазда, гьелдаса цIуниялъе гьаризе кколел тадбиразда ва цогидал кIвар бугел суалазда.

Дарбишовалъ бихьизабуна унтарав чиясул би бахъулеб къагIида, абуна цIодорлъи хIажалъулилан.

Конференциялда бихьизабуна къавудаялдаса цIуниялъул костюм ретIулеб къагIида, тохтирас унтарасул хал мухIканго кин гьабизе ккoлебали, нагагь гьеб унти баккани, унтарасда аскIор рукIарал гIадамал гьелдаса цIуниялъе кинал тадбирал гьарилелали.

«Унти тIатараб заманалдасаго, больницаялъул рахунел унтабазул отделениялда унтарав вегизавизегIан санитариябгун эпидемиологиялъулал къагIидаби мухIканго цIунизе ккола», - ян абуна бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовас.**

БетIерав врачас конференциялда гьоркьоб лъураб гьеб суалалда хурхун медхIалтIухъабазул аттестациялги тIобитIизе къоги чIезабуна.

**«Гумбет» РИО**

# Гражданинлъун вукIин – борч

(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)

Документал, паспорталда рес гьечIого хьвай-хьвагIай гьабизе жал кьваригIунел, ай рагъулаб билет, лъимер гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство, (14 сонил гIумруялде рахинчIезул), ригьин гьабиялъул яги гьеб бихиялъул свидетельство.

Пачалихъияб хIакъ кьеялъул кагъат.

Паспорт хисизе гIарза кьезе бегьула гIемерфункциялъулаб централдасанги. Гьединго гIарза кьезе бегьула чIезабураб кьагIидаялда (форма № 1П) сураталгун цадахъ электроннияй документазул формаялда.

ГIемерфункциялъулаб централъулгун нижер буго лъикIаб гьоркьоблъи, нижее гьезул кIудияб кумек буго. Гьанже миграционнияб хъулухъалъул тIадеросиял МВДялъухъе кьолеб заманалда гIемерфункциялъулаб централъухъе цо хасал нижеца тIуралел рукIарал хъулухъал кьезе руго.

**- Паспорт кьеян гIарза хьвани, чан къоялдасан нужеца гьеб кьолеб?**

- Паспорт кьеян гIарза нижехъе яги гIемерфункциялъулаб централде кьезе ккола.

Паспорт гражданинасе кьола 10 къоялда жаниб, киналниги тIадехун рехсарал документал нижехъе щун хадуб, учеталда нилъер районалда ругони ва цебесеб паспортги гьанибго кьураб бугони. Районтун кьватIиб босараб паспортг бугони, учеталдаги гьенир ругони, паспорт хисиялъул болжал буго кIиго моцI.

Паспорт кьун яги хисун бахъула пачалихъияб хIакъ - 300 гъурущ. Билараб (бикъараб) яги хвезабураб паспорталъухъ кьезе ккола 1500 гъурущ.

**- Районалдаса кьватIирехун ругел нилъер ракьцоязе гьанисан паспортал кьолищ?**

- Паспорт гражданинасе кьезе рес буго кибе гьес гIарза кьуниги Россиялъул бокьараб бакIалда. Районалдаса вугин кьватIиса вугин щибго батIалъи гьабуларо.

**- Паспорт цIуниялъул, гIумругьабулеб бакI хисиялъул, учеталда лъеялъул, рахьиялъул гIадамаз кинаб тартиб цIунизе кколеб?**

- Гьаб суал хасго нилъеца кIвар кьезе кколеб буго. Щивав чиясда тIадаб буго паспорт цIунизе. Нагагь гьеб тIагIани, нахъ бахъичIого лъазабизе ккола жанисел ишазул отделалде. Россиялъул жилищный кодексалда рекъон Россиялъул щивав гражданинасда тIадаб буго гIумрутIами гьабулеб бакIалда гьес хьвай-хьвагIай гьабизе.

Гьеб хьвай- хьвагIайги буго кIиго батIияб:

**Кидагосеб.** Гьелъул магIна ккола щив чи вугониги цо бакIалда кидаго гIумрутIами гьабун вукIин. Кидагосеб хьвай-хьвагIайги жиндирго жиндир хъизамалъулги гьабула рукъалъул бетIергьанас.

**Заманалъулаб:** 90 къоялдаса тIаде кив вугониги чи чIолев вугони гьес заманалъул хьвай-хьвагIайги гьабизе ккола. Гьедин заманалъул хьвай-хьвагIайги жив гIумрутIами гьабизе чIолеб бакIалда гьабулеб бугони кидагосеб хьвай-хьвагIайги гьесда хадубги цIунула. Гьединго гьесул рес буго жиндий бокьани кидагосеб хьвай-хьвагIай хвезабун, цIияб бакIалда гьеб гьабизеги. ЦIияб бакIалде щун 7 къоялда жаниб хьвай-хьвагIай гьабизе ккола, гурони рес буго гьев чи административияб тамихIалде цIазе.

Гьеб заманалда, ай 7 къоялдаса цIикIкIун цо къо аниги, хьвай-хьвагIай гьабичIого, административияб тамихIалде цIала РФялъул КоАПалъул 19.15 ч. статьялъул 1.1. бутIаялда рекъон, гьелъул гIакIадул кьадар бахуна 2 000 ялдаса 3 000 гъурущалде щвезегIан.

**- Паспортал риларазе, тIагIаразе, законалда рекъон тамихI гьабулищ?**

- Паспортал риларазе, тIагIаразе яльуни хвезарун ругони административияб тамихIалде цIала РФялъул КоАПалъул 19.16 статьяялда рекъон, гIакIа лъола нусгоялдаса лъабнусго гъурущалде щвезегIан, жеги тIадехун бихьизабухъе кьезе ккола 1 500 гъурущ пачалихъияб хIакъги.

**- Ахиралдаги щиб дуе абизе бокьилеб?**

РакI-ракIалъ баркала загьир гьабула районалъул «Гумбет» газеталъул хIалтIухъабазе, районалъул тIалабгун, зама-заманалдасан районалъул гIадамазе пайдаял макъалаби кьватIир ричазе кIвахI гьечIого хIалтIулел. Гьединго баркала загьир гьабизе бокьун буго гIемерфункциялъул централъул хIалтIухъабазе, гьездасан щола нижее кIудияб кумек, Россиялъул жанисел ишазул идараялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул участковияб хъулухъалъе, гьезул кумекалдалъун ралагьула кьватIисел хIукуматазул, жидеца чIезабураб кьагIидаялъ хьвай-хьвагIай гьабичIого, изну гьечIого районалде хIалтIизе рачIарал гражданал ва гьезда кколеб хIалтIи тIад гьабула.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ

## Аргъваниса ГIайшат ХIайбулаева – психологиялъул гIелмабазул кандидат

**Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб университеталъул тIолабго коллективалъ Гумбет районалъул Аргъваниса ХIайбулаева ГIайшат ХIамзатовналда ракI-ракIалъ баркулеб буго психологиялъул гIелмабазул кандидатасул диплом щвей.**



ГIайшат аспирантураялда очно цIалана ва Ярославлялъул К. Д. Ушинскиясул цIаралда бугеб пачалихъияб педагогическияб университеталда бергьенлъиялда, болжал щвелелде цIунана психологиялъул гIелмабазул кандидатлъиялъул диссертация.

ГIайшат гIуна мугIалимзабазул хъизаналда. Гьелъул кIудияв эмен **МухIамадгъази Жамалудинов** 1932 – 1956 соназда хIалтIана МелъелтIа школалда завучлъун, Данухъ, ЧIиркъатIа, Ингишо, ЛъаратIа, Аргъвани росабазул школазда директорлъун. «ДАССРалъул мустахIикъав учитель» абураб цIар районалда тIоцебе щваразул кьерда вукIана гьев.

40 ялдаса цIикIкIун соналъ хIалтIана гIолеб гIелалъе лъайкьеялда.

КIудияй эбел **Зубайда МухIамадова** ккола районалда тIоцебе «ЗахIматалъул БагIараб байрахъ» орден щварай мугIалим. Гьеб шапакъаталъе 22 сон барай Зубайда мустахIикълъана 1950 соналъ.

ИмгIал **ТIалхIат Жамалудинов** 22 соналъ директорлъун хIалтIана ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалда, щвана «Дагъистаналъул мустахIикъав учитель» абураб цIар. Эмен **ХIамзат Жамалудинов** ккола Дагъистаналда тIоцеве вахъарав социологиялъул гIелмабазул доктор. ВацгIал **МухIамадгъази Жамалудинов** ккола юридическиял гIелмабазул кандидат, яц **Заира** – педагоглъиялъул гIелмабазул кандидат, ДГПУялъул коррекционнияб педагогикаялъул кафедраялъул доцент, цогидай яц **Хадижат** – филологиялъул гIелмабазул кандидат, гьелъ дарсал кьола ДГПУялъул Дагъистаналъул литератураялъул кафедраялда.

МугIалимасул махщел захIматаб буго, гьезул лъималазги, лъималазул лъималазги захIмалъиялъухъ, квалквалазухъ балагьичIого гьеб тIаса бищула. ЛъималгIун хIалтIи кидаго бигьаяблъун рикIкIунаро ва гьеб щивасда гуреб махщалида тIубазабун бажарулеб. Школазде хIалтIизе уна лъималазе лъайкьезе бажари бугел ва гьел рокьулел гIадамал.

ГIайшатие гьарула хадуркунги чIахIиял бергьенлъаби.

**МухIамад ТIалхIатов,
ДГПУялъул психологиялъул кафедраялъул нухмалъулев,
психологиялъул гIелмабазул доктор, профессор**

ГАРА-ЧIВАРИ

## Пенсиялъул ригь: цIикIкIинабизе бугищ, гьечIищ?

**Россиялъул пенсионнияб фондалъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновгун дандчIвана «Гумбет» газеталъул хIалтIухъан ва кьуна чанго суал.**

**- ТIалхIат, гIадамазе хъулухъ гьаби лъикI гIуцIизе нужеца 2016 соналъ кинал тадбирал гьарулел ругел?**

- 2016 соналъ Россиялъул пенсионнияб фондалъул Гумбет районалда бугеб отделалъ хIалтIизе биччана кIвар цIикIкIараб кIиго проект.

Пенсионнияб фондалъул сайталда биччан буго «Личный кабинет застрахованного лица» абураб проект. Гьеб проекталъ рес кьола компьютералъул кумекалдалъун рокьобго пенсиялде унесда лъазе кколел ихтияразулгун ва законазулгун лъай-хьвай гьабизе.

Бокьараб пенсионнияб фондалъул клиентазул хъулухъалда иргаялда заманги бихьизабун хьвазе.

Пенсия бихьизабизе гIарза хьвазе ва жиндир гьеб гIарзаялда рекъон кколел документал



электроннияб кьагIидаялда ОПФРалде ритIизе. Гьелъ рес кьолеб буго рокъосанго пенсионнияб фондалде (МФЦялде) вачIине ккечIого пенсия чIезабизе.

Пенсионнияб фонд «Ваш контроль» абураб системаялде гьорлъе лъугьана. Гьелъул хIасилалда рес щолеб буго щибаб бакIалда номерал ругел пенсионнияй фондазул хIалтIуда хадуб халкквезе. Нижехъе вачIарав клиентасда абула телефоналъул номер кьейин, духъе ахIидал кин мун кьабул гьавуравали бицине. Киналго телефоналъул номерал кьурал клиентазухъе ахIула ва гьезда гьикъун кьола кьимат гьабураб хIалтIуе.

- хIалтIухъабазул жигарчилъиялда хурхун;
- хIалтIухъабазул лъаялда хурхун;
- хIалтIухъабазул адаб-хатиралда хурхун;

Пенсионнияб фондалъул минаялда жанир тIаде рачIаразе гIуцIун ругел санагIалъабазул, палхIасил кинабго хIалтIуе кьимат кьола. Гьеб системаялде лъугьиналъги бицуна пенсионнияб фондалъ клиентасул тIалабал тIуралде кIвар буссинабун букIиналъул.

**- ЦIидасан бицунеб буго пенсиялде унеб заманаялъул, гIадамазул суалал раккулел руго, лъие цIикIкIине бугеб гьеб болжал. Кидаялдаса ва хасгьабун руччабазе пенсиялде унеб заман кин цIикIкIине бугебали бицине бокьилаан.**

- Нилъер улкаялда жинда жаниб экономика тIубанго «цебетIураб социализмалдаса» «цебетIураб даран базаралде» жеги буссинабун гьечIолъиялда бан, пенсиялде гIадамал унеб системаги тIубан реформаби гьарун ргIалде бахъун гьечIо. Гьединлъидал пенсиялде унеб гIумрудул сонал цIикIкIинари кколаро политикаялъул ва социалиял мурадал цIунун гьабулеб иш. Пенсиялде унел гIумрудул сонал цIикIкIинари гьеб ккола профессионалиял экономикиял кьучIазда гIуцIараб хIисаб-суал.

Щай нилъер пачалихъалда жакъа гьеб суал хисизабизе бегьулареб нилъеца цебеги райгазеталда хьван букIана (2015 соналъул 8 июнь, № 32). Жакъа пачалихъияб Думаялда халгьабиялда буго законопроект. Гьеб тIоцебесеб халгьабиялда букIана ва кIиабилеб халгьабиялде хIадур гьабулеб буго. Гьеб проекталъ бихьизабун буго пенсиялде гражданин унеб заман 65 соналде бахинабизе. Амма гьеб законопроекталда хьвалеб гьечIо пенсиялде унел киназулго суалазул хIакъалъулъ.

(Ахир-ункъабилеб гьум.)

## Пенсиялъул ригь: цIикIкIинабизе бугищ, гьечIищ?

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)**

65 соналъул болжалалда пенсиялде ине бихьизабун буго хIалтIулезул лъабго категория:

- пачалихъиял хъулухъчагIи
- регионалиял хъулухъчагIи
- муниципалиял хъулухъчагIи

Гьел хIалтIухъабазе 2017 соналъул тIоцебесеб кварталалдаса байбихьун дагьдагькун пенсиялде унеб заман чIезабизе буго щибаб соналъ бащдаб лъагIелалъ цIикIкIине гьабулаго.

2017 соналъ - 60,5 сон бараб мехалъ.

2018 соналъ - 61 сон бараб мехалъ.

2019 соналъ - 61,5 сон бараб мехалъ.

2026 соналъ - 65 сон бараб мехалъ.

Цебе гьел хIалтIухъабазул стаж букIине кколаан гьел хIалтIабазда – 15 сон. Цияб проекталда рекъон гьеб стажги букIине ккола буго гьанже 20 сон. Гьенибги 20 сонилаб стажалде тIалаб дагьдагькун цIикIкIинабулеб буго. ТIоцебесеб ункъго соналъ бащдаб лъагIелалъ, хадуб щибаб соналъ цо-цо лъагIел.

Россиялъул Федерациялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министр Максим Топилиница абуна: «Киназего пенсиялъул заман 60 – ялдаса (руччабазе 55) тIаде цIикIкIинабизе хIукму гьабун гьечIо. БатIи-батIиял бахIсал гьелда тIасан рукIин гурони, кинаб бугониги законопроекти гьечIо.

**Гара-чIвари гьабуна Къурмагьиз ХIадисовалъ**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

## МелъелтIа: лъабго кьо къачIана, магIарде нухал рацIцIана

**Гумбет районалъул МелъелтIа росдал поселковияб администрациялде кколеб ракъалда магIарде боцIи инелдеги ихдал хурулал хIалтIаби магъилъ гьарилелдеги кьоял къачIазе ва гIазуялдаса магIарда нухал рацIцIад гьаризеги кколеб хIал букIана. Гьебги хIисабалде босун, администрациялъе нухмалъулев МухIамад ГIабдулнасировасул бетIерлъиялда гьел хIалтIабазде рахъана росдал гIолилал ва администрациялъул хIалтIухъаби.**

Чвахукьве унеб кьо тIасан автотранспорт, гIадамал хьвадизе хIинкъи бугеб хIалалда букIана. Гьеб цо метралдаса цIикIкIун манзилалъ гIебги гьабун цIидасан бан ахиралде щолеб буго. ГьабсагIат автотранспорт тIасан хьвадизе бегьуледухъ буго. Лъарахъ кьо букIана кIиябго рахъалъан лъарги чвахун, бакьулъе ккун. Гьебги цо метраялъ гIебги гьабун, лъар гьоркьан чвахуледухъ къачIана. БагIаркьуртIа кьоги хун букIана, 6 метргIан манзил гIебльиялда бачIинабун, 1,40 метр диаметралда ругел рогIралги лъун цIидасан бана.

Щибаб кьоялъ гьел захIматал хIалтIабазде 20 чи вахъана ва кIиго кьоялде кьоял лъугIизаруна. КьогогIан чиясул цIарал хьвачIого, рехсела цIакъго хIаракаталда хIалтIаразул цIарал. Гьединаллъун ккола **МухIамаднаби**



**Юсупов, ХIажимурад Насрулаев, Мурадбег Къурбанов, Хункархан ГIумаров, Коргъоли Коргъолиев** ва цогидалги. **МухIамад Дибировас** кири-дахъ, машинаялде тIезе солярдацин босичIого, БагIаркьуртIе кьо балеб бакIалде щвезаруна рогIрал.

Кьоял къачIалел бакIаздаги магIарде нух гьабиялдаги хIалтIана тракторист **Низамудин СагIидов**. ГIазул рорхатал гIансалъан нух цIакъ захIматго гурони гьабизе кIолареб хIал букIана магIарда.

Аллагьас кири гIемер гьабеги церехун рехсарал хIалтIаби тIуразарурае.

**Гьайирби Биларбиев**

ТIИБ

## Гепатит В ва цоги унтабазда дандечIей

**6 июналда Гумбет районалъул централияб больницаялда тIобитIана медхIалтIухъабазул дандельи. Гьенир гьоркьор лъуна 2016 соналъул щуго моцIалъ сахлъи цIуниялъул цольиялъ гьабураб хIалтIул, ВИЧ – инфекциялда, В гепатиталда ва цогидалги хIинкъи цIикIкIарал рахунел унтабазда данде гьабулеб къеркьеялъул хIакъалъулъ суалал. Тохтурзаби, медсестраби дандчIвана Гумбеталде хIалтIулаб сапаралъ ячIарай республикаялъул гериатрическияб централъул бетIерай тохтир Калимат ТIагьировагун.**

Щуго моцIалъ жидецаго гьабураб хIалтIул хIисабкьуна участковиял больницабазул бетIерал тохтирзабаз, участковиял терапевтаз, лъималазул тохтурзабаз, фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул, фельдшерлъиялъул пунктазул нухмалъулез.Дандельиялда бицана диспансеризация лъималазе ва чIахIиязе гьабиялъул, прививкаби гьари, анализазе би бахъи гIадал кIвар бугел тадбирал тIоритIиялъул бугеб хIалалъул.

Сахлъи цIуниялъул цольиялъул бетIерав тохтир **МухIамад СайгидахIмадовас** жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна гьаб соналъул щуго моцIалъ гьабураб хIалтIуда, хадубккун хIалтIи лъикI гIуцIиялъул рахъалъ церечIарал масъалабазда, хIинкъи цIикIкIарал, рахунел унтабаздаса цIуниялъе тадбирал гIуцIизе ккеялда.

Гумбеталда гериатрическияб хъулухъалъул бугеб хIалалъул халгьабурай Калимат ТIагьировалъ предложениял кьуна харабазе тIадегIанаб медицинаялъулаб хъулухъ гIуцIиялъе гьаризесел хIалтIабиги рехсон.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ

## Аргъваниб: ХIажимурад ХIажиевасул ва МухIамад ХIажиевасул бергьенлъаби

**Май моцIалъул 27 абилеб кьоялъ эргъвендерил жамагIаталъухъе кIиго рохалилаб хабар щвана – спорталъул къецазда Аргъваниса ХIажимурад ХIажиев ва МухIамад ХIажиев бергьанилан.**

ХIажимурад ХIажиев ккола речIчIухъан. Спорталъул гьеб захIматаб тайпа тIаса бищана гьев гIолилас. Гьев ун вукIана Азербайджаналъул тахшагьар



МухIамад ХIажиев



ХIажимурад ХIажиев

Бакуялде эркенаб гугариялъул къецазде. Цеве вахъана 63 кг. цIайиялда. 6 нухалъ речIчIухъ лъугьана гьев ва рехсараб цIайиялъул речIчIухъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна. Гьесие рещвана Европаялъул ва дуньялалъул чемпионатазда гIахьаллъизе.

ХIажимурад ккола ункъцIул Дагъистаналъул, кIицIул СКФОялъул чемпион, Россиялъул призер.

МухIамад ХIажиев гIолилазда гьоркьоб тайский боксалъул къецазда гIахьаллъана Швециялъул Йёнчёпинг шагьаралда. 86 кг. цIайиялда дунялалъул чемпионлъун вахъана МухIамад. Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевасул ясалъул вас ккола гьев. Церекунги къецазулъ бергьенлъи щвана ХIажиевасе. МухIамад ккола Дагъистаналъул, СКФОялъул, Россиялъул чемпион, гьанже халкъазда гьоркьосеб турниралда бергьенлъи босарав гIолилав.

ТIолалго эргъвендерица ва районцоязги кIиявго спортсменасда баркулеб буго бергьенлъи. Гьарулеб буго гIолилазе хадубккунги икьбал, талихIрохалилаб халатаб гIумру.

**МухIамад Зубайров, Гумбет районалъул гIолилазул гIемерфункциялъулаб централъул нухмалъулев**



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил кьватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1373
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.